# Daan nanu génne asakay muurum koor jamanoy yónente bi, ngir xale ak mag, gor ak jaam, muy Saah ci ñam, walla Saah ci soow mu ñu wayal, walla Saah ci Pepp, walla Saa, walla Saah ci tàndarma, walla Saah ci Raseen bu wow

Jële nañu ci Abii Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Daan nanu génne asakay muurum koor jamanoy yónente bi, ngir xale ak mag, gor ak jaam, muy Saah ci ñam, walla Saah ci soow mu ñu wayal, walla Saah ci Pepp, walla Saa, walla Saah ci tàndarma, walla Saah ci Raseen bu wow, daanañ ko génne ba Muhaawiya ibn Abii Sufyaan yal na leen Yàlla dollee gërëm ñëw fi nun di aj, walla umra mu wax ak nit ñi ca kaw Minbar ba, mu bokk ca la mu wax ak nit ñi, mu ne leen: man de gis naa ne ñaari Mudd peppu Saam, day tolloo ak Saah ci tàndarma, nit ñi jël loolu, Abuu Sahiid nee na: man nag moom duma deñ di ko génne na ma ko daan génnee ba fàww fii ak maa ngi dund.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Jullit ñi daan na ñu génne asakay muurum koor ci jamonoy Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ak jamonoy Xalifa yu jub ya ci ginnaawam xale ak mag luy tolloo ak Saah ci ñam. Seen ñam moo doon pepp ak (Sabiib): Raseen ju wow, ak (Aqitt): soow mu ñu woowal ak tàndarma. Tolluwaayu Saah mooy ñenti Mudd, te Mudd day tolloo k ñaari ténqi góor gu yam yu fees. Ba Muhaawiya ñëwee Madiina fekk mooy Xalifa, peppu Saam bari, dafa xutba daal di wax ne: man de gis naa ne ñaari Mudd ci peepum Saam (xaaju Saah), day tolloo ak benn Saah ci tàndarma, nit ñi jël loolu. Abuu Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm nee na: bu dee man nag moom duma deñ ba fàww di ko génne kem na ma ko daan génnee ca jamonoy Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc fii ak maa ngi dund.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee